

Pou kisa w tris konsa?

Yo di m gen yon moun ki malad lè l fin manje mango mwen yo ki te kontamine ak mikwòb.

Eske w te konnen gen kèk aktivite nou ka fè nan bitasyon nou an pou anpeche mango yo kontamine epi evite kliyan yo malad?



3

Lave men


Sonje fò k ou lave men w ak dlo pwòp ak savon anvan w kòmanse travay, lè w fin pran yon poz epi lè w sot nan twalèt.



Wi, m panse li fasil anpil pou m fè sa anvan mal keyi mango.

4

Sante w



Depi w gen pou w manyen mango yo lè wap travay, yo kapab kontamine si w soufri maladi ki ba w dyare, vomisman, gòj fè mal ak lafyèv epi lajonis. Si w gen nenpòt nan sentom sa yo, mande yon lòt moun pran mango yo pou ou, men gade pou w wè si moun sa a konprann epi swiv pratik prevansyon kontamasyon yo.

7

Pwòpte epi dezenfekte

Nou dwe pwòpte epi dezenfekte tout panye, sak, veso nou itilize pou keyi, pote epi konsève mango yo.



Eske dlo nap itilize pou lave veso yo oubyen mango yo kapab kontamine yo si'l pa pwòp?

8

Dlo a

Kidonk, dlo se yon gwo sous kontaminasyon, se sa k fè si w pwal itilize dlo pou w lave zouti yo fò k ou lage kèk gout klorox ladan l pou w dezenfekte l, epi chanje dlo a depi l sal.



Fò n fè sa tou pou dlo nou lave mango yo oubyen pito nou pa lave yo, nou voye yo nan depo kote yap pake yo a. Gonm ki sou yo a soti nan plant la, li natirèl e li pap fè moun malad. Men si nou mete mango a nan dlo sal, li ka pran mikwòb epi rann anpil moun malad.

9

Kontwole bèt yo

Zannimo domestik tankou chyen, chat, poul reprezante danje pou mango yo paske yo kapab lakòz yo kontamine. Pa kite yo pwoche pye mango yo, kote yap pake yo ni kote yap lave yo.

Wi men e ti bourik mwen an? M bezwen l pou m pote mango yo.



O wi ou kapab itilize bèt pou pote mango yo, sèlman pa kite yo pwoche zòn kote ki gen mango, e pa kite yo bwè dlo nan veso moun mete mango.

10

Toujou netwaye kote yo pake mango yo ak kote yo travay ak mango

Finalman, li enpòtan vre pou n kenbe kote nap travay ak mango yo byen pwòp. Fò n pa jete fatra, moso vit, twalèt bèt ki ta ka kontamine mango yo.

E ben, fò n rale bale nou pou nou tonbe bale.



Wi, men anvan sa ann retire mango yo pou nou pa kontamine yo. Moun pa gen dwa chita sou mango yo.

5

Pa kite bagay sal kole ak mango yo

Eske w te konnen ke bagay ki sal kapab kontamine mango yo tou? Se pousa poubèl, afè pèsònèl ou, bèt ak timoun kap jwe dwe rete lwen mango yo.




E ben mango yo pa dwe rete pre anyen ki kapab sal yo. M panse sa senp pou l fèt.

1

Pwòpte kò w



Pou mango yo rete pwòp epi pou yo pa fè moun malad lè yo manje yo, fòk ou benyen epi mete rad pwòp sou ou depi w pwal keyi mango nan pye mango yo.



Sonje, etap sa yo enpòtan anpil si nou pa vle mango nou yo fè moun malad. Epi fò nou aprann moun ki pwal travay nan mango avè nou yo tout bagay sa yo.

Ki sa sekirite alimantè a ye?

Lè nou di sekirite alimantè nou vle di manje ki gen bon kalite epi ki pap fè moun malad.

Se travay nou, sitou se responsablite nou pou n pwodwi epi pake bon kalite mango pou kliyan yo manje.

Nenpòt ki manje ka pran mikwòb epi fè moun malad. Yon manje kontamine gen dwa bèl, santi bon, epi l fè moun malad kan menm.

Lè nou malad paske nou manje yon manje ki kontamine sa rele entoksikasyon alimantè e sa pa menm bagay avèk lè w manje twòp la ki rele endijasyon an.

Maladi moun pran nan manje yo pran moun lè yo manje manje ki kontamine ak diferan mikwòb e maladi sa yo reprezante yon gwo pwoblèm sante toupitou nan mond lan.

Men siy entoksikasyon alimantè a kapab genyen: dyare, vomisman oubyen dezidratasyon. Nan kèk ka, li ka trè grav epi fè plizyè jou sou ou, li ka menm touye w tou.

Yonn nan pati ki enpòtan anpil nan travay ou se pwoteje mango yo pou yo pa kontamine, pou yo pa lakòz entoksikasyon alimantè.

Nan depliyen sa a nou pral wè 10 aktivite tou senp ki ka ede anpeche mango yo kontamine.

Avètisman

Konsèy nasyonal mango a (an anglè NMB), yon seksyon nan Depatman Agrikilti Etazini, finanse atelye sa pou sipòte endistri mango a. Gen gwo jefò ki fèt pou verifye si dokiman sa gen bon kalite enfòmasyon. Men, Konsèy nasyonal Mango(NMB)a ak Food safety consulting & training solutions, LLC pa responsab, ni dirèkteman ni indirèkteman, lide ak mesaj ki nan dokiman saa, li pa responsab non plis erè ki ta va fèt oubyen enfòmasyon yo bliye bay. Kidonk yo pap pran okenn responsablite legal pou pèt ak domaj ki soti nan jan yo sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman an.

10 aktivite tou senp ou ka fè pou ede anpeche kontaminasyon mango yo



 **Producing Safe Mangos**


Mango.org

Fòmasyon nesèsè sou sekirite alimantè nan bitasyon mango

6

Mango ki atè

Mango yo ka kontamine si w mete yo atè a paske kapab genyen mikwòb ki ka soti atè a vin sou mango yo. Se pou sa w dwe mete mango yo nan yon sak oswa yon pwela an plastik. Ou ka mete yo nan yon panye tou ki ta va sèvi kom yon baryè pou pwoteje mango yo.



Bon bagay, men pou tèt sa fò pwela a oubyen sak la rete pwòp tou. Fò w lave yo souvan pou yo rete pwòp.

2

Twalèt ak latrin

Eske w konnen ke lè w fè pipi ak lè w al twalèt bò kot mango yo ak pye mango yo sa kapab lakòz yo kontamine?



Toujou ale byen lwen mango yo ak pye mango yo pou w ale nan twalèt oswa nan latrin.